



DEF APPEL

Mën nañu jëfandikoo formileer bii ngir def appel. Noo ngi lay ñaan nga jang tektal yi bu baax. Yonneel formileer biñu remplir ba noppi ak bépp keyitu firndé ci bile adarees. Keppaale ci ab fotokopi wu dogalu ojans bi.

Xibaar yu aju ci konwokasioŋ bi(yi) ak Nit ki y remplir formileer bii

Suñu limee ab teewalkat, Hearings Division dina yonnee dogal bi i bataaxal ci li aju ci apel bi teewalkat bi ci adareesu teewalkat bi. Sudee limu ñu ab teewalkat, Hearings Division dina yonnee dogal bi ci adarees buñu lim fii ci suuf.

Nimero Konwokasioŋ bi(yi) (jëfandikool beneen xët suko laajee): _____

Tur wi nekk ci Konwokasioŋ bi(yi): _____ Turu aji-sakku bi: _____

Adareesu Bataaxal: _____ Lëkkaloo bimu am ak ki ñuy tuumal (suko laajee): _____
(Teewalkat yi bindu dañoo wara kepp Formileeru Authorization to Appear)

Dëkk, Etaa: _____ Adareesu Bataaxal: _____

Kot Zip: _____ Dëkk, Etaa: _____ Kot Zip: _____

Nimero Telefon: _____ Nimero Telefon: _____

Adarees Imel: _____ Adarees Imel: _____

Cosal ci boyet bi sudee dañoo ajandi lisansu Aji-tontu bi wala sudee dañ ko Cosal ci boyet bi so nangoo jot dogal bi bawoo ci appel bi nga def ci adarees imel bi(yi) ñu joxe fii ci kaw, te baña doon imel bi ngay jëfandikoo fépp:

Lii mooy li waral Dogal bi Baaxul

Da nga wara wone ni dogalu ojans bi mu ngi aju woon ci ay jëf yu jubadi, ab njuumte bi ngay jëfee yoon, wala ñaar yépp. Ci ay jëf, firnde ak ay wax yuñu jëfandikoo woon ci ojans bi kese nga mēna sukkandiku. Kër guñu defee Appel du xool jëf, firnde wala wax yu bees suy jël dogal ci appel bi. Limal tuuma yu xejjiku yi waral ngay def appel.

(Takk ci yeneeni xët suko laajee)

(DIPPI KO. DA NGA WAR A REMPLIR XËT YI CI TOPP)

Jéego yuñu wara amal ngir Hearings Division jël dogal ci Appel bi

1) Ndax Hearings Division dina jot ci appel bi fii ak àpp biñu joxe fii ci suuf?

WAAW DEET

Dina ñu daq appel bi sudee dañ ko jot lu ëpp 30 fan yu topp ci bisu fogal bi ludul dañoo nangu ab cakkutéef ci lu teel. Sudee dañoo yonnee dogal bi ci bataaxal, àppu appel bi 35 fan lay doon bawoo ci bisu dogal bi. Bisu dogal bi moo ngi ci kanam dogalu ojans bi. Aji-tontu bi dafa wara def Jéego 2, 3a ak 3b yii ci suuf. Kër yi wara jéfee yoon dañoo wara topp Jéego 4 bii ci suuf. Dosiye wu Ndamaar ak Taksi yuñuy luwe: Sudee ojans bi dafa wone ni njiit luy amal ojans bi dafa saku ñu waññi ab daan ngir lu soxal yoon, dañoo wara jot appel bi ci 50 fan yu topp ci dogal bi.

AJI-TUUMA BI KESE – DA NGA WARA REMPLIR AB FIRNDEY PAYOORU SARWIIS BII CI SUUF

2) Da nga WARA cos waaw ci benn ci tannéef yii ci suuf ngir deposé ab appel:

- Fay nañu daan gi yépp wala kër baale na payooru daan gi yépp.

WAAW DEET

Dañoo wara fay daan gi yépp laata ñuy mëna jël dogal ci appel bi.

Dosiye wu Ndamaar ak Taksi yuñuy luwe: Saku wuñu payoor wala baale gi sudee daan gi mu ngi aju ci jalgati ab yoon wala ab tëraliin bu Commission Taxi ak Limousine yi nekk di jéfee.

Kaa wu jëfandikoo: Donte dañoo baale payoor gu mat sëkk, sudee dogalu Njiit luy def ojans bi dafa saku ñu fay ab restitution, aji-tuuma bi dafa wara deposé dayoob restitution bi Jëwriñ bi yore wallum jëfandikoo bi.

Palañu Payoor yi: Sudee aji-tuuma bi dafa deggoo ab palañu payoor ak kër gi wara jot payoori alamaan yi wala daan yi, da nga wara kepp ab fotokopi wu deggoo palañu payoor boobu.

- Aji-tuuma bi mën nañ ko nangul mu def ay liggéey yuñu jagaleel askan wi ngir baña fay ab alamaanu siwil, jokkoo na ak santaru ndimbalu OATH ngir tànn def liggéey yuñu jagleel askan wi te matal na admission wam.

WAAW DEET

Ngir kaa yuñu mëna nangul sàrwiis yuñu jagleel askan wi ci kaadaru Yoonu Coppitay Ateb Kiriminel, aji-tuuma bi warul fay daan bi wala muy def Sarwiisu Askani ngir def appel fii ak aji-tuuma bi di jokkoo te def admission bi ak Santaru Ndimbal bi. (Xibaari jokkoo wu Sanaru Ndimbal bi moo ngi ci ginaaw keyitu dogalu ojans bi.)

- Aji-tuuma bi dafay saku ñu baal ko ab payooru daan ndax dafay jafe ci moom lool muy fay fii ak ñuy jël dogal ci appel bi.

WAAW DEET

Da nga WARA kepp firnde jafe-jafe bi, lu melni ñaari xët yu njëkk yu nekk ci dekalaasion wu koomu federaalu aji-tuuma bi, te leeral fii ci suuf ni payooru bile daan mënee nekk ab jafe-jafey koom ci aji-tuuma bi.

3a) Maa ngi yonnee ab fotokopi wu appel bi ngir ngir (cosal boyet bi nekk ci wetu kër gi ngay yónnee fotokopi wu appel bi):

- | | | | | |
|---|--|---|--|---|
| <input type="checkbox"/> Mbirim Tabax:
Dept. of Buildings
Administrative Enforcement
Unit 280 Broadway, 5 th Floor
New York, NY 10007 | <input type="checkbox"/> Assainissement, defaraat, Taf ak Mbiri ndamar buñu abandoné:
Department of Sanitation
Bureau of Legal Affairs
125 Worth Street, 7 th Floor
New York, NY 10013 | <input type="checkbox"/> Kaa yu mengook kotu àartu ci lakk yi (bokk na ci feux d'artifices yi):
FDNY Legal Enforcement Unit
Bureau of Legal Affairs
9 Metrotech Center, 4 th Floor
Brooklyn, NY 11201 | <input type="checkbox"/> Kaa wu Defukaayu Sangara yu Ubbeeku:
New York City Police Dept.
Attn: Legal Bureau
1 Police Plaza, Room 1406
New York, NY 10007 | <input type="checkbox"/> Kotu wergu-yaram, Restoran, Kaawu Jaaykat ak Costéefi lekk yi:
DOHMH General Counsel
42-09 28th Street, 14 th Floor CN-30
Long Island City, NY 11101-4132 |
| <input type="checkbox"/> Ngelaw, Biriwi, Ndox, RTK, Kaa wu mbir yu garaw yi ak foos yi:
DEP General Counsel
59-17 Junction Blvd, 19 th Fl.
Flushing, NY 11373-5108 | <input type="checkbox"/> Kaa wu kotu dem ak dilk ak Newsrack:
Dept. of Transportation
c/o Asst. Commissioner, HIQA
55 Water Street, 7 th Floor
New York, NY 10041 | <input type="checkbox"/> Departama wu park yi, Hudson River Park ak Battery Park City Kaas yi:
Parks Dept. Counsel's Office
The Arsenal, 830 5 th Avenue
New York, NY 10065 | <input type="checkbox"/> Kaa wu telefonu askan yuñuy fay:
DOITT Customer Service
Coordinator
Public Pay Telephones
75 Park Place, 9 th Fl.
New York, NY 10007 | <input type="checkbox"/> Kaa wu koppar (bokk na ci Biro Sheriff bi):
NYC Department of Finance
Legal Affairs Division
345 Adams Street, 3 rd Floor
Brooklyn, NY 11201 |
| <input type="checkbox"/> Kaa wu jaba yi:
Business Integrity Comm., Gen. Counsel
100 Church Street, 20 th Floor
New York, NY 10007 | <input type="checkbox"/> Kaa wu aji-jëfandikukat ak Jaaykat:
Dept. of Consumer Affairs, General Counsel
42 Broadway, 8 th Floor
New York, NY 10004 | <input type="checkbox"/> Kaa yu am solo:
Landmarks Preservation Commission
Municipal Bldg., 1 Centre St., 9 th Fl., North
New York, NY 10005 | <input type="checkbox"/> Kaa wu ndamaar ak taksi yuñuy luwe:
NYC Taxi & Limousine Commission
Falchi Bldg., 31-00 47 th Ave.
Long Island City, NY 11101 | |

Dina nañu daq appel bi ludul da nga yonnee ab fotokopi ñaanug appel buñu remplir, bokk na ci bépp takk, ci kër gu koy jiite te wara toppatoo konwokasion bi(yi). Karmat: Sudee aji-tuuma bi dafay saku ñu baal ko, bul yonnee kër gi koy jiite kowokasion bi(yi) ay fotokopi luy firndéel jafe-jafe yi.

3b) Mën nga firndéel ni da nga yónnee sotti wu appel bi ci kër gi so cosee ci boyet bi nekk ci wetu kër gi koy jiite ngir konwokasion bi(yi) ci Jéego 3a bii ci kaw AK remplir ak xaatim kaddu bii ci suuf.

MAN [tapel sa tur] _____, DÈKK CI [sa adarees] _____, WERAL NAA CI KAW ÑU MAY TEK DAANU KU JALGATI YOON NI NANGUL NAÑ MA, MA DEPOSE CAKKUTEEF BII, NI CI FI SAMA XAM-XAM TOLL MBOOLEEM XIBAAR BIMA DUGAL CI BILE FORMILEER AK CI TAKK YI, SU CI AMEE, DÈGG LA, TE NI CI [bisu] _____ YÓNNEE NAA AB SOTTI WU BILE APPEL KÈR GI KOY JIITE TE WARA TOPPATOO KONWOKASION BI(YI) CI ADAREESAM BUÑU LIM FII CI KAW TEG KO CI AB SÀRWIISU POST BU AMERIK WALA CI YENEEN SÀRWIISI YONNEKAAYU BATAAXAL.

SA XAATIM: _____

KÈR YI KOY JIITE KESE

4) Kër yi koy jiite dañoo wara takk ab beneen wax wone sarwiis ci aji-tontu bi.